

Distance Learning Plan - Students and Families

Bonjou fanmi Lee Country e byenvini nan plan aprantisaj elèv ak fanmi. Non mwen se Dr Jeff Spiro mwen se chèf Ofisye Akademik pou Distri eskolè nan Lee Country nan videyo sa a nap di pitit ou a byenvini nan fòmasyon anliy la. Avan nou vle di ou tout bagay ap anfòm, pitit ou ap byen e nou apresye tout sa paran yo ap fè lakay la pou timoun yo santi yo byen. Lide ti videyo sa a se pou nou montre ou pazapa kijan ou kapab itilize zouti nou yo antan ke paran pandan nou nan kay la ak timoun yo. Nou pral asire nou ke ou konprann byen kijan pou ou ale nan klas timoun ou an avek tout lòt resous ke nou mete a dispozisyon ou menm ki se paran. Alò jan nou di tout moun deja annou fè yon ti respire paske nou pral fè sa ansanm. Pwofesè yo ap aprann pou premye koman pou yo itilize klas vityèl la e anpil nan elèv nou yo tou. Anplis se premye fwa yap aprann itilize fòmasyon a distans. Nap konsantre nou sou tout timoun epi pwofesè yo ap prepare pou yo komanse klas yo lendi kap 30 mas kap vini an. Mwen vle di nou mèsè anpil e si nou genyen kesyon sou pwosesis yo, nou genyen yon email pou paran yo ki se help.parents@leeschools.net e sonje nou nan batay la ansanm. Poze tout kesyon ki nan tèt ou paske nou la pou nou ede ou konsa timoun ou an ka pi byen pèfome nan klas la. Kounye a mwen pral pase nou Direktris Enstriksyon Kourikoulòm pou segondè a Madmwazèl Cadence Allveto.

Bonjou paran yo ! Mèsè paske nou pran yon ti tan pou nou patisipe nan klas an liy lan. Sa nou vle pataje avek nou an se paj entènèt nou mete sou pye a pou reponn ak anpil entèwogasyon ou genyen sou kijan ou ka ede pitit ou aktif e angaje pi plis pandan fòmasyon a distans/ an liy lan. Nan paj entènèt nou an ki se leeschools.net, nou genyen yon paj ki pale sou fòmasyon an liy pou fanmi ak elèv. Nou ta renmen chita sou kèk gwo pwèn : premye a se kijan pou wou genyen aksè ak òdinatè plis entènèt la. Nou swete ou va resewa mesaj ki va soti nan biwo kominikasyon lekòl ou a sou kijan ou ka jwenn yon Chromebook pou sipote edikasyon elèv ou a, sinon, wap jwenn bon enfòmasyon isit la sou paj nou an « elèv ak fanmi », mwen ka toujou tcheke si wap bezwen yon aparèy. Nan fòmasyon a distans lan ap gen kèk pati ladan yo kap tou vini ak materyèl tankou nan sit **<< Pran san kanpe>>** nou yo nou pral bay sou sipò papyè sitou pou elèv ki nan klas prime yo. Se pou nou itilize yo pandan timoun yo ap travay sou aparèy Chromebook. Nou pral mande elèv ak paran yo pou yo rete an kontak regilye ak pwofesè a. Ou poko bezwen fe sa kounye a, tankou Dr Spino te di sa déjà, lap kòmanse lendi 30 mas kap vini la a. Pwofesè ou a ap gen pou kontakte ou pou ba wou ore biwo a ap travay la. Yo pral genyen 3zè tan pa jou ki kap repati konsa : 1nè tan nan maten e 2zè tan nan aprèmidi. Nap redi

nou an ke pwofesè yo ap gen pou kontakte nou, donk si nou genyen yon kesyon nou kapab poze yo li e yap reponn nou rapid vit nan yon delè ki pa depase 24tre tan.

Pou elèv ak fanmi ap gen man lis la yon lyen enpotan ke ap kapab klike sou li. Sa ap vrèman sipòte aprantisaj ou atant ou ak kijan yo ka ede sou fason pou wou gen aksè ak entènèt la, klike sou lyen sa a. Nou vle pou ou konnen byen kijan pou ou itilize òdinatè a pandan tout endikasyon yo la. Lòt 2 lyen sa yo se pou kapab rete an kominikasyon ak fanmi ou pandan wap itilize **Google Classrooms** ki se li menm nou pral itilize kòm premye zouti pou nou kominike nan tout nivo : elemantè, prime ak segondè, li tankou yon magazen kote ou dwe toujou pran yon ti tan ale sou li pou wou kapab jwenn tout enfòmasyon platfòm/ ki nesèsè. Nou genyen anpil videyo ak lyen sou li alò retounen nan paj prensipal la, le ou rive sou chekclist la, si malgrè sa ou toujou genyen kesyon jan Dr Spiro te di li a, gen yon gwoup moun ki la pou ede ou. Klike la si wou bezwen voye yon email ban nou wap jwenn yon gwoup moun ki disponib pou ede ou. Ale nan lot seksyon yo, sa se gwo plan nou an, wap di kisa wap atann de fòmasyon an liy nou an ? Fòmasyon sa ap disponib an angle, espanyòl ak kreyòl ayisyen. Le wou louvri lyen sa yo lap pèmèt ou genyen plis detay sou plan nou yo. Dènye seksyon konsène sévis nitrisyonèl nou genyen an, wap jwenn yon lis tout sit **“Pran san Kanpe”** nou yo menm jan ak kamyon mobil **Harry Chapin** kap bay manje a. Kounye a, mwen pral pase nou **Dr Bethany Quisenberry** ki se **Direktris Enstriksyon Kourikoulòm** kou elemantè yo.

Bonjou tout fanmi yo ! Mwen kontan pataje avek nou anpil nan resous nou yo ke elèv yo konnen e itilize nan klas yo. Premye sa a nouvo, se resous fòmasyon a distans pou fanmi. Le ou sou paj sa, si wap chwazi, wap jwenn anpil bagay ou kapab fe lakay ou avek elèv ou a. Genyen pwomnad vityèl ki disponib pa nivo e pa klas, le ou ale pi lwen wap wè yo ba ou plis opotinite pou fòmasyon sosyal ak emosyonel paske nou konnen trè byen elèv nou yo nan yon konfizyon nan moman sa. Mwen menm, m genyen yon elèv ki nan klas Kindergarten kap mande m chak jou : « Eske nou prale lekòl demen » ? Kidonk, le ou fe aktivite sa yo, lap permet ou pale ak pitit ou e asire ou ke ou travay sou byennèt, sante sosyal emosyonel ak pati akademik la tou. Pwochenn etap la se **Launchpad** la. Map di nou sa anko, tout elèv Kindergarten pou rive nan grad 12 abitye abitye avèk li, se òdinatè pa yo menm le yo lekòl la. Launchpad la ba yo aksè sou tout platfòm fòmasyon an. Li endike ou kijan pou ou navige sou li ak kijan pou ou jwenn non itilize ou ak modpas ou, Si ou ta wè ou paka jwenn pa pitit ou a, kontakte pwofesè li a oubyen lekòl la osinon itilize email ki la pou ede w la. Nap jwenn enfòmasyon an pou ou. Le yo antre sou Launchpad yo pa yo a, nap we platfòm pou Google Classroom nan, tankou jan Candace

te di li a tout elèv Pre-Kid yo rive nan grad 12 konn itilize foma Google classroom pou tout kou yo.

Le pwofesè yo fin mete sou pye Google classroom nan, touswit tout kou yo ap parèt. Si ou genyen yon timoun nan kals eleman tè wap wè kou pwofesè ki regilye tankou ou ka wè yon kou pwofesè mizik oubyen pwofesè èvda (art) a ak teyat. Pou Middle ak High School wap jwenn yon google classroom pou chak pwofesè. CompassLearning ak iReady ki se youn nan elèv ou a konn itilize nan klas eleman tè pou yo ka fe ti travay an gwoup sou òdinatè. iReady aa pitilize nan 28 lekòl nou yo sa vle di li ouvri nan tout lekòl, si elèv ou di li pa konn itilize, li pa konn kisa li ye, li disponib kounye e wap jwenn anpil enfomasyon sou kòman pou eksplwate li ak kijan pou ou pouse elèv yo itilize li.

Si nou fe you retounen sou entevansyon Candace la, mwen resewa anpil kesyon ki vini de fanmi ak zanmi tankou: « Mwen vle elèv mwen an kontinye li men mwen paka jwenn li ». Ann fe yon ti retounen an aryè: èske nan platfòm dijital nou an èske elèv yo kapab gen aksè ak library an liy pou yo ka cheche chwazi nenpòt nan liv yo vle li a pandan yap telechaje li sou òdinatè yo. Nou genyen tou **BrainPop** (Klas 4èm jiska Middle school), **BrainPop Junior** (pou kindergarten jiska elèv klas 3èm yo) ak **BrainPop Ell** (Platfòm pou elèv kap aprann angle yo pou yo ka pratike lang angle a). **Read 180** ak **System 44** la, jan nou we li a, menm si li genyen anpil foto, se sou premye foto a pou nou klike anvan. Wap aksede ak platfòm HMH lan jan li endike ou li a e wap kapab li **Read 180** ak **System 44** la. Sa yo se enstriksyon elèv 4^{èm} ak 5^{èm}, tanpri itilize yo le nou nan klas. Mande elèv ou si li konn itilize li, si li poko fe sa, jis pa fe anyen. Si li konn fe li, li toujou genyen aksè pou li swiv menm enstriksyon li konn itilize lekòl la. Genyen matematik rapid ki disponib tou sou lyen HMH la. **Mc Gay Hill Connected, David Digital, Pearson**, se tout diferan aplikasyon sa yo nap gen pou nou itilize le pwofesè a mande nou sa.

Si nou ale sou youn nan platfòm sa yo, ou wè ou pa gen dewwa, pa gen pwoblèm, jis tann paske pwofesè a gen dwa itilize li nan google Classroom nan. Renaissance se youn nan sit anpil moun konnen sitou nan **Accelerated Reading** (Li vit), nou kontan paske nou wè lekti disponib nan tout kay yo, moun yo ka itilize overdrive osinon Liv sa pèmèt yo ka pran egzamen AR la si ou chwazi pou ou ede yo pou yo kenbe orè nòmal nan klas la. **Think Central** (panse santral) ak **Imagine Learning** (aprann imajine) se lot platfòm elèv yo itilize nan klas yo, donk si ou monte sou yo ou pa jwenn dewwa, sa pa fe anyen paske pwofesè a ap itilize li sou **Google Classroom** nan. Kounye a mwen pral

pase nou **Lori Houchim** ki se **Direktris segondè** yo ki pral pale nou de kèk resous nou genyen ki disponib pou segondè a.

Bonjou e byenvini, **Bethany** pale anpil de resous segondè ki repati an de kategori yo kapab mete yo kòm resous adisyonèl ke elèv yo ka itilize oubyen antre nan aktivite fòmasyon yap fè chak jou avèk pwofesè yo. Compass Learning se youn nan bon resous ki ka ede elèv nou yo pran egzamen Star la, lap pouse yo aprann a pati de rezilta yo. Genyen anpil aktivite anrichisan ke elèv yo ka itilize pou tou lè de Ela Reading ak Maths. **iReady** a li nouvo pou kèk elèv ki nan middle school yo ak pwofesè yo, ekip nou yo ap travay pou yo mete sou pye kèk enstriksyon pou elèv 6^{èm} ak 8^{èm} sou lekti ak matematik. Li genyen anpil bon enstriksyon anpil bon aktivite pratik ki respekte estanda yo. Pi devan Dr Quinsenberry eksplike se tankou yon libreri an liy ke elèv yo ka itilize pou tcheke liv pou yo ka kontinye fè lekti poukont yo. **Dr Quinsenberry** te eksplike **Brainpop** men sa yo se yon bann lot aktivite divètisan ou ka trouve nan Stem ak Ela kap ankouraje elèv nou yo. **HMH Central houses** se twa pwogram lekti ke elèv yo itilize e nou ka wè pwofesè yo ap pouse yo ale sou li pou fè devwa. **Language Live** se yon pwogram lekti tou yo itilize l pou ede elèv yo nap jwenn tout enstriksyon pwofesè yo. **Mc Gray Hill Conected** ak **Aleks** se tankou yon resous adisyonèl sou li yap jwenn aksè ak kaye yo menm jan pou **Algèbre Nation** ki montre elèv la kijan pou li suiv etap yo. **Pearson** se liv syans nou yo ak se konsa ou pral wè pwofesè itilize sa ki epi pouse soti devwa soti nan **Pearson Renaissance** sans tou te gen opòtinite pou AR epi tou li gen angle nan yon Flash pou elèv k ap aprann angle lang nou an, ede ak bati ladrès pou lang. HRW se kote nou gen pa sèlman kourikoulòm langaj nou an, men li te gen tou kèk nan kourikoulòm matematik nou an, Panyòl, Syans anviwònman. De konsè ak Konpayi/Antrepriz nou te arive devlope anpil aplikasyon ak diferan platfòm epi tou platfòm **HMH ED** a wap jwenn Sivis, biyoloji, fizik, istwa ameriken, anplis, pitit ou a gen abitud itilize jan de platfòm sa yo paske yo ap itilize yo pandan tout ane a nan Chromebooks jis pou yo kapab reponn ak tout ekzijans ki ka afekte platfòm nan. **TCI** li men mete plis aksan sou istwa ameriken nan sèlman 8 lane san nou pa site **NGLSync** lan li men nan plizyè platfòm lekti nan nivo segondè ak entèmedyè avèk istwa jeneral prensipalman pou elèv ki nan klas 6^{èm} pou rive jis nan 12^{èm}

USA Test Prep se yon platfòm nou itilize pou fomatè nou yo men tou nou konstate yon gwo defi ke anpil nan etidyan yo kapab leve sans difikilte e tout sa yo pouse travay nan pwòp ritm yo jiskaske yo rive nan nivo vèt, donk plis li travay se plis nivo vèt la ap briye e laplipa nan elèv yo jije sa difisil anpil. Pou nou fini, nou genyen **Edgenuity** ki pèmèt etidyan nou rekipere rès kou yo dwe yo (kredi) nan ka kote timoun yo genyen kèk kou yo

dwe pou ta rebran e yo dwe kontinye fe sa jiskaske yo rive dekwoche diplòm yo a tan yo ka toujou kontinye itilize li. Anba a, nap jwenn tou anpil lot resous ka nou yo merite, donk se pou sa nou genyen **CPalms** ki se te bwat zouti destine a anseyan yo, enfòmasyon sou sévis nitrisyonèl san konte anpil lot diferant aplikasyon nesèsè pou tout lot soutyen adisyonèl menm jan ak nan lise yo kote nap jwenn enfòmasyon sou **AC/SAT** yo, tout net konstitiye yon **bank resous** disponib pou elèv nou yo kapab chwazi konsilte tout lòt sipò adisyonèl.

Nou vle nou konnen ke nou mande pwofesè nou yo pou yo fleksib avèk elèv yo paske nou konnen genyen fanmi ki pataje òdinatè yo e genyen yon kantite tan yo genyen pou yo fè devwa lè nap kòmanse jou lendi ki 30 Mas la e yo pap bezwen konplete tout bagay yon sèl jou. Pwofesè yo prale bay plis enfòmasyon nap mande elèv yo kontakte pwofesè yo avan si pwofesè a pa genyen répons lap mande lekòl la e si lekòl la pa genyen répons lap mande distri a men nap asire nou ke ou genyen répons ak tout kesyon ou poze yo. Kounye a mwen prale pase nou Dr Spiro pou li ka fini.

Map di mèsèsi anpil a tout ekip nou yo. Nou pataje anpil enfòmasyon ak paran yo. Si nou lakay nou e nou poko resewa **Chromebook** pou timoun nou yo asire nou ke nou rele lekòl la pou nou ka pase pran yo. Mwen konnen ke nou genyen anpil enfòmasyon men sonje si nou bezwen èd konnen nou la pou nou kapab ede ou. Ou kapab ekri nou tou sou email sa a help.parents@leeschools.net. [Map pwofite rable tout paran](#) yo ke klas la ap kòmanse lendi kap 30 mas la. Nou met konte sou nou epi tou pase yon bon jounen. Mèsèsi Anpil !